1-ц1алдохъанас

И смутно слыша звук родимой речи,

Я оживал и наступил тот миг ,

Когда я понял что меня излечит

Не врач , не знахарь , а родной язык.

Кого-то исцеляет от болезней

Другой язык ,но мне на нем не петь,

И если завтра мой язык исчезнет,

То я готов сегодня умереть.

2-лев ц1-хъан. Ват1аналъул т1алаб т1обит1улаго

Т1ерхьарал ц1вабзазул ц1ар к1оченаро!

3-лев ц1-хъан.

-Дагъистаналъул бах1арчияб тарих к1очон теч1ого бук1иналъе щибав г1ун вач1унев чиясда лъазе т1адаб буго нек1сиял умумузул гьелъул ц1ар раг1арал г1адамазул х1акъалъулъ, гьезул тарих ,лъугьа-бахъинал.

4 Кир ругел шаг1ирзаби

Шиг1руял гьудулзаби

Кьер хисич1ел ,кьурич1ел

Даимал шаг1ирзаби?!

5.Нилъер талих1 буго 18-19 г1асруялъул шаг1ирзабаз бечедаб рух1ияб хазина,нилъ пана гьарулел асарал даимго ирсалъе тей.

Бокьун буго аваразул халкъиял асаразул хьоналда т1ирщараб

Инхоса Г1алих1ажиясги, Бакьагьеч1иса Ч1анк1ацаги ,Хъах1аб росулъа Мах1мудицаги лъалъараб ,Ц1адаса Х1амзатицаги Расул Х1амзатовасги к1урун хъулухъ гьабураб гьелъул гучаб гъот1ол г1аркьалабазда бугеб цоцада релълъинч1еб ,гьуинлъи –ц1ек1лъи ва т1аг1ам бат1и-бат1ияб пихъил бицине.

6. Зах1мат бихьич1ого рах1ат бокьарас(Инхоса Г1алих1ажияв)

Бекьич1ого лъилъенилъ гьеч1ого хур.

7.Чидае гвенд бухъани

Бухъарав жанив кола

Бахъун ханжар кьунани

Х1ал бугес ч1ван рехула.

8 . Киг1ан уяб бугониги

Мунго дуцаго веццуге

Дун, дие,дицайилан

Ц1ек1ал раг1аби рицунге.

9.Эбел-инсул адаб ц1уне(Ц1адаса Х1амзат)

Ц1ик1к1арасул хъатир гьабе

Хъизан-лъимал тарбия кьун

Тадбиралда ругьун гьаре

10.Рах1атаб жо буго нилъее зах1мат ,(Г1абасил Мах1амад)

Зах1матаб жо буго нилъее рах1ат.

11. Г1елмудал рорхатал сиязде раха(Ч1анк1а)

Лъик1ал г1амалазда воре нуж т1ад ч1а

Гьалдолеб ралъадг1ан гьарзалъараб лъай.

Воре г1олохъаби,хъант1адго к1ал ч1вай

12. Хор»Маг1арулал».Расул Х1амзатов.

13.К1иго ц1ар Шамилги Расулги к1иго цоцазда релълъинч1еб къисмат,цояс хвалчаца ,цояс шиг1руялъ хъулухъ гьабуна нилъер Дагъистаналъе.

Кеч1-сценка»Шамилил суд»

Шамил:-Ах1е наиб цеве.

-Цояб г1ин къот1е!

Наиб: -Бет1ер ч1ахъаяв имам,

Инкар гьабуге дуца

Дирго рогьо чуризе

Чабхъад вит1е нахъеги .

Шамил:-Кьалде а!

Чапар:-Г1ин гьеч1ес тушманасул бо гъурана.

Шамил:-Кьалда къураб мехалда

Къот1араб г1ин хисизе

Хирияв наибасе

Меседил г1ин биун т1е!

Наиб:-Къот1аралъул бак1алда.

Бижиларо ц1ияб г1ин

Ц1арги реццги хут1ана

Г1ин гьеч1ев наибасул.

14.Инхоса Г1алих1ажияв ккола маг1арулазул адабияталъе кьуч1 лъурав поэт.

Берцинго г1уц1араб ц1одораб бег1ераб ва пасих1аб къокъаб каламалда маг1на бечедал роц1арал жугьаби г1емерал руго гьесул.

15.Ч1анк1аги Мах1мудги г1адал поэтал г1емер г1емер рахъунаро.

Гьез нахъе тана бечедаб маг1наялъул рахъалъ гъваридаб ирс.

Хъ.Мах1муд.»Рек1елъ иях1 бугев аск1овег1ан ц1ай»

Маг1арулазул кьурди-4 ясалъ бихьизабила.

16 Нилъер маг1арулазул шаг1ир Мух!амад Ах!мадовас Бакьагьеч!иса Ч1анк!аде гьабураб кеч! рик!к!ина Г!аишатица.

17. Расул Х1амзатовасул асараз рохел щвезабуна маг!арулазе гуребги дунялалъулго миллионал г!адамазе .Имам Шамилицаго г!адин ,Расул Х1амзатовасги дунялалдаго раг!изабуна Дагъистаналъул ц!ар ,бихьизабуна г!исинал миллатал рук!унареблъи, маг!арулазул рух!ияб т!адег!анлъи,чилъи,г!акъиллъи.Дие к!вар буссинабизе бокьун буго Имам Шамил кверде аралдаса нусго сон сверараб 1959 тарихалде.

Гьеб соналъ лъебералда анлъго сон барав Расул Х!амзатовас хъвана«Маг!арул мац!»-абураб жиндирго кеч!-ц!алилаДжамиляца.

19. Кеч1 «Эбел»-

20.Кеч! «Эбел» _ах!ила Г!айшатица.

21.Дагъистаналъул хъвадарухъабаздаса цояй,бет!ергьанасул бит!араб нухдасан уней игьалияб нуралде яккарай шаг!ир кола Машидат Гъайирбекова.

Кеч! «Эбелалъул рак!»

22.Кьурди бихьизабила .2-вас ва 1-яс.

23.Аваразул поэзиялда Г1абасил Мах!амад вуго жиндирго нух ккун ,хат! Ккун цевехун унев поэт.Мух!амад Беркихановас Г!абасил Мах!амадие гьабураб кеч! рик!к!ина 1-ц!алдохъаналъ.

24.Г!абасил Мах!амадил поэзиялъ г!адамал г!агар гьарула ,г!амал берцин гьабула,г!умру г!ат!ид гьабула.

СЦЕНКА.Ч1ибирикъ .

25. Кеч1.»Ц1уне гьудулзаби»-ах!ила 1-ц!алд.

26. Къоабилеб г!асруялъул 80-90соназ аваразул проза цебе т!езабуна нилъер маг!арулазул хъвадарухъан Мух!амад Г1абдулх!алимовас,Гьесул гьунар буго ц!алдолесул рак! Баледухъ асарал г!уц!изе ,г!адамазул г!умруялъул суратал цереч!езарун х!акъикъияб куцалда рихьизаризе.

Мух!амад Г1абдулх!алимовас хъвараб «Ч!ахъаги трубка»-абураб асаралдаса г!уц!араб сценка бихьизабила 9-леб классалъул ц!алдохъабаз.

27.Х!апу –чапураб ,жуба-гъубараб заман бач!ун бугелъул Дагъистаналде нилъеца заманалда щула гьабизе ккола, нилъерго миллатги,наслуялъе умумузул мац1ги,ц1арги,г1адаталги.

Лъаларо Мух1амад цогиязул иш

Амма дица дирго рахъалъ абила

Метер маг1арул мац1 хвезе батани

Хваги дун жакъаго жаниб  рак1 кьвагьун.

# *Внеклассное мероприятие на тему: «Ват1аналъул т1алаб т1обит1улаго, Т1ерхьарал ц1вабзазул ц1ар к1оченаро»*

Подготовила и провела учитель родного языка и литературы МКОУ «СОШ№17»г.Хасавюрт Бадрудинова Заира Тажудиновна

-